



Lekòl Piblik Boston

# Konsèy Konsiltatif Elèv Boston (BSAC)

Diego Mehta



# Yon ti koudèy sou BSAC



## BSAC konpoze de 46 elèv aktif ki sot nan 20 lekòl segondè Lekòl Piblik Boston

Lekòl Reprezante yo se : ABCD High School, Boston Arts Academy, Boston Latin Academy, Boston Latin School, BCLA-McCormack, BlnCA Community Academy, Dearborn STEM, English HS, Excel HS, Fenway HS, Henderson K-12, Horace Mann, JQUS, Lyon HS, Madison Park HS, McKinley South End Academy, Muniz Academy, O'Bryant Math & Science & Snowden International HS

Tout manm BSAC yo ranpli divès pòs peye avèk sipò Depatman Angajman ak Anplwa Lajenès la- Successlink

Reyinyon BSAC yo fèt chak semèn **lè madi apati 4:00 jiska 6:00 nan laprèmidi** ak **lè vandredi apati 3:00 jiska 5:00 nan laprèmidi**, nou te kòmanse reyini an novanm, 2022.

# Soukomite Nou yo



## Kòd Konduit :

Soukomite sa a gen entansyon pou l fè sa yon bagay obligatwa pou lekòl yo enfòmè elèv yo sou Kòd Konduit la. Nan kreye divès strateji sansibilizasyon kominotè adaptab e vizyonè, komite sa a anseye yo sou divès dwa natirèl yo genyen dekwa pou l byen ekipe yo.

## Sante Mantal ak Medya Sosyal yo :

Soukomite sa a anvisaje fè rechèch pou l konprann pi byen efè medya sosyal yo genyen sou reyisit akademik elèv yo ak sou sante yo. Enfòmasyon yo rann kapab divès strateji fleksib pou asiste divès strikti ak fakilte nan yon meyè fason pou amelyore sante elèv yo.

## Bidjetizasyon Patisipatif :

Gras a yon donasyon jenere, nou te resevwa 9.000\$ nan men EdVestors pou n distribye bay divès pwojè ke jèn yo ap dirije. Soukomite sa a anvizaje kolekte opinyon elèv yo, e opinyon sila yo va dikte fason nou dwe itilize fon sa yo.

## Devlopman Adiltis :

Soukomite sa a detèmine pou l ranvèse retorik ak strikti adiltis (prejije an favè adilt) ki prive elèv yo de dwa yo. Atravè divès atelye enfòmatif, yo ekipe divès alye adilt pou rann yo konprann elèv yo pi byen nan plizyè anviwònman.



Prezans nou nan divès evènman kominotè ki anrapò avèk lajenès. Nou remèsye « The Possible Zone »



Prezans nou nan seremoni prim « Earthshot » la. Mèsi Majistra Wu !



Divès selebrasyon Jou Fèt



# An n Kenbe Kontak !

Suiv nou sou Instagram @BSACBuzz

Kontakte Dennisse Rorie nan adrès imel :  
DRorie@bostonpublicschools.org

